



10 jiyè 2020

Revize: 20 novanm 2020 (Revizyon soulinye)

Vizit lakay pou tout moun ki abite nan etablisman rezidansyèl sètifye OPWDD yo

24 Mas 2020, OPWDD te pibliye yon "nòt Sante: KOVID-19 retrè Sòti Kominotè yo ak Vizit Lakay, yo" ki te sispann pwomnad kominotè yo ak vizit lakay yo pou moun kap viv nan lokal rezidansyèl sètifye yo. Règleman sa a te fèt pou pwoteje ak kenbe sante ak byennèt rezidan yo ak anplwaye yo, pandan yap kontwòle ak anpeche kovid-19 la pwopaje pandan premye faz kwasans leta a panda ijans sante piblik la.

Gid OPWDD yo nan 24 mas 2020 ki gen rapò ak vizit nan kay yo anile epi ranplase yo pa gid sa yo. apati 15 jiyè 2020 pou zòn nan leta a ki te antre nan faz kat dapre plan pou relouvri leta New York la, e jiskaske tout vizit lakay yo ka rekòmanse pou tout moun kap viv nan lokal rezidansyèl OPWDD sètifye yo an akò avèk restriksyon sa yo.

A-Kondisyon pwovizwa pou patisipe nan vizit lakay yo

Moun yo ka rekòmanse patisipe nan vizit lakay yo ak fanmi yo ak tout estrateji ki gen rapò ak yo pou diminye risk an plas yo. Men sa yo enkli yon distans sosyal san danje, itilize mas yo oswa lòt kouvèti ki gen rapò ak vizaj yo, pote yon bon atansyon pandan yap lave men yo, ak yon netwayaj apwopriye ak dezenfeksyon.

Fòk ou fè fanmi yo sonje nan tout vizit ki deyò sit la, ekspozè a manm nan kay diferan ak nan plas piblik yo an jeneral yo ta dwe fè avèk prekosyon ak sou yon baz ki limite. Yo dwe pratike yon bon ijyèn epi yo ta dwe konsève yon distans sosyal san danje, nan yon limit ki posib. An akò avèk Dekrè 202.17, mas yo dwe mete an piblik chak fwa distans sosyal pa respekte, pandan lontan ke yo ka tolere medikalman.

Moun yo ka patisipe sèlman nan vizit kay oswa fanmi si tout kondisyon sa yo satisfè:

- 1- Moun nan pa sispèk oswa konfime ke li gen KOVID-19 epi li pa sijè a okenn karantèn oswa kondisyon izolasyon;
- 2- Moun nan sibi yon egzamen sante ak tanperati tcheke imedyatman anvan ou kite rezidans sètifye a.
- 3- Moun nan lave men yo imedyatman anvan yo kite epi retounen nan rezidans lan;
- 4- Kote vizit la (yo) pa enkli: (a) nenpòt moun nan kay la ke yo sispèk oswa konfime gen KOVID-19; (b) nenpòt manm nan kay la ki te ekspozè a KOVID-19 nan 14 jou anvan yo; oswa (c) yon manm nan kay la montre sentòm KOVID-19 nan 14 jou anvan yo;
- 5- Pa pral gen okenn vwayaj nan yon eta ki pa vwazen ak New York (nenpòt eta ki pa VT, CT, NJ, MA oswa PA) pou plis pase 24 èdtan sof si, sou retounen New York, 'moun nan dwe konfòme li avèk tout pwotokol karantèn nan ak / oswa tès ki nesèsè kounye a pa konsène nòt vwayaj NYS KOVID-19 la anvan yo retounen nan rezidans sètifye yo;
- 6- Anplwaye yo ta dwe raple fanmi yo pou asire ke moun yo lave ak / oswa dezenfekte men yo pandan tout jounen an, aplike distans sosyal kote sa posib, respekte tout kondisyon lokal aktyèl yo. konsènan limit kapasite rasanbleman yo andedan / deyò, ak mete mas vizaj yo lè distans sosyal pa ka piblik.

- Anvan vizit lakay yo, anplwaye a ta dwe pale sou estrateji yo pou pi byen aplike pratik sa yo epi asire fanmi yo gen mas si sa nesèsè

B- Kondisyon Transpòtasyon Pwovizwa pou Vizit Lakay yo

Mezi sa yo pral nesèsè pou machine ajans lan nou itilize pou mennen moun nan visit lakay yo:

- Se sèlman moun ak anplwaye ki sòti nan menm lokal ki dwe ale ansanm. tout moun ak anplwaye ki sòti nan lòt lokal apwouve yo pa ta dwe melanje nan transpò;
- Kapasite bis yo, kamyonèt yo ak lòt machin ajans yo ta dwe redwi a 50% pou pi plis nan tout Kapasite li, pou yo kapab respekte distans sosyal la epi redwi risk pou moun ta pran kovid-19 la;
- Chak fwa sa posib, moun ak anplwaye yo ta dwe limite kontak sere lè yo pa chita akote youn ak lòt oswa avèk chofè a. Itilize kòd direksyon ak sinyalizasyon ki ka ede reyalize objektif sa a Anplis de sa, si gen plizyè pòt nan yon otobis oswa kamyonèt, yo ta dwe itilize yon antre ak sòti nan yon sel fason. Moun yo ta dwe resevwa enstriksyon pou yo pa sòti nan machin nan imedyatman, olye pou yo swiv enstriksyon chofè a oswa anplwaye yo pou yo sòti yon sèl moun alafwa
- Si tout moun kapab tolere sou yon plan medikal, tout moun, anplwaye ak chofè a ta dwe mete yon mas pwotèj figi nan tout tan nan machine nan. anplwaye ki pa ka tolere medikalman pou sèvi ak yon mas pwotèj figi pa ta dwe asiyen nan transpò moun yo;
- Aprè chak vwayaj fin fèt, andan machin ajans lan ta dwe byen netwaye ak dezenfekte anvan yo al pote lot moun;
- Lè dat la rive epi san danje tout fenèt ta dwe bese pou pemet lè a byen pase;
- tout Moun ki itilize transpò piblik oswa lòt transpò ta dwe sonje enpòtans distans sosyal ak bon ijyèn e yo ta dwe resevwa yon dezenfektan pou men yo pou yo itilize apre chak lè yo fin monte transpò sa yo.

C- Kondisyon Dokimantasyon Pwovizwa pou Vizit Lakay yo

depi ou an mezi pou retrase e kapab swiv nenpòt ki ekspozè potansyèl ak KOVID-19, founisè yo oblije kenbe yon journal chak jou pou tout vizit lakay yo ak lòt vizit ki an deyò lokal sètifye a. Journal chak jou yo ta dwe gen ladan enfòmasyon sa yo:

- Non tout moun ki te patisipe nan yon vizit lakay ou, e ki gen ladan adrès vizit la lakay ou , tout dat ak lè vizit la kòmanse e ak lè li fini.
- Konfimasyon ke youn osnon yon gwoup moun ki vin chache oswa resevwa yon moun pou yon vizit lakay li dwe refize nenpòt moun kap travay te nan izolman oswa karantèn pou KOVID-19 kounya
- Konfimasyon ke youn osnon yon gwoup moun ki vin chache oswa resevwa yon moun pou yon vizit lakay li dwe refize nenpòt moun ki twouvel lakay li e ki te ekspozè ak KOVID-19 pandan 14 jou anvan yo;
- Konfimasyon ke youn osnon yon gwoup moun ki vin chache oswa resevwa yon moun pou yon vizit lakay li dwe refize nenpòt moun kap travay nan kay la te gen nan sentòm sa yo pandan 14 jou ki sot pase yo:

- tous;
 - Lafyèw 100 degre oswa plis;
 - Gòj fè mal;
 - Souf kout;
 - Maltet;
 - Frison;
 - Doulè nan zo; ak oswa
 - Vin pèdi gou oswa sant.
- Konfimasyon ke moun ki patisipe nan vizit la te pase egzamen medikal la imedyatman anvan li te patisipe ak vizit nan kay la;
 - Adrès tout kote yo moun nan te pase tan pandan vizit kay la, ki gen ladan non lòt moun ki pase tan nan kontak sere (nan 6 pye) oswa nan kontak imedya; ak

Konfimasyon ke moun nan te pase egzamen sante yo lè yo retounen nan vizit lakay li.
Tout jounal yo dwe pwodwi nan OPWDD nenpòt ki lè

D- Lòt enfòmasyon sou sekirite, Gid ak resous ki disponib yo

nouvo sit entènèt coronavirus Depatman sante Eta New York (KOVID-19)

<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit entènèt Biwo Eta New York pou tout moun ki andikape entelektyel (OPWDD)

<https://opwdd.ny.gov/coronavirus-guidance>

sit entènèt sant pou kontwòl ak prevansyon maladi coronavirus (KOVID-19):

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>